STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TIKÈ YO KÒMANSE AP VANN POU TASTE NY CRAFT NEW YORK BEER FEST NAN ALBANY NAN 22 MAS

Evènman ap prezante 30 Brasri New York nan Otel New York ak nan Sant Konvansyon nan Albany

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke tikè yo kounye an vant pou Craft New York Beer Fest, sa ki pwograme pou l fèt nan Otèl Desmond ak Conference Center nan Albany nan 22 Mas. Taste NY se ko-sipòte aktivite sa a, ki prezante 30 brasri Eta New York kap sèvi plizyè douzèn State craft beers New York ak yon varyete manje ki soti nan restoran lokal yo, konpayi ak fèm yo.

"Craft New York Beer Fest pral yon lòt gwo opòtinite pou montre anpil bwasaon klas mondyal ki te fèt ak grandi la nan Eta New York,"Gouvènè Cuomo te deklare. "Grasa inisyativ Taste NY, plis moun ap dekouvri ke agrikiltè ak pwodiktè lokal yo pa gen parèy. Mwen kontan paske Taste NY ap jwenn li avèk Asosyayson Brasri Eta New York pou mete ansanm festival Byè a, e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou vini eseye manje ak bwason klas mondyal nou an ki baze sou agrikilti."

Festival Byè Craft New York pral fèt nan Samdi 22 Mas 2014 apati 5 pou 8 pm, nan Otèl Desmond ak Conference Center, 660 Albany Shaker Road, nan Albany. Yo ka achte tikè yo sou entènèt nan www.newyorkcraftbeerfest.com. Yon kantite limite tikè enprime egalman disponib pou achte nan Pump Station Albany, Brown's Brewing Co., ak Olde Saratoga Brewing Company.

Tikè yo gen ladan admisyon ak yon vè souvni senk onz. Twa echantiyon 60 onz State craf byè New York pral disponib ansanm avèk yon varyete manje nan fèm ak restoran rejyon an.

30 brasri craft Eta New York prevwa pou patisipe nan aktivite a enkli Konpayi Brewing Empire (Syracuse), Saranac (Utica), Brown's Brewing Co. (Troy), Adirondack Brasri ak Pub (Lake George), Lake Placid Pub ak Brasri (Lake Placid), Olde Saratoga Brasri Konpayi (Saratoga Springs), C.H. Brasri Konpayi Evans (Albany), Brooklyn Brasri (Brooklyn), Konpayi Brasri Druthers (Saratoga Springs), Good Nature Farm Brasri ak Tap Room (Hamilton), Sixpoint (Brooklyn), Great South Bay Brasri (Bay Shore), Rushing Duck Brewing Co. (Chester), Konpayi Byè Ithaca (Ithaca), Bronx Brasri (Bronx), St. Lawrence Brewing Co. (Canton), Water Street Brewing Co. (Binghamton), Konpayi Brasri Kuka-Andean (Blauvelt), Konpayi Brasri Schmaltz

(Clifton Park), Konpayi Brasri Chatham (Chatham), Konpayi Brasri Southern Tier (Lakewood), Community Beer Works (Buffalo), Konpayi Brasri Hamburg (Hamburg), Konpayi Brasri Crossroads (Athens), Konpayi Brasri Ommegang (Cooperstown), Konpayi Brasri Peekskill (Peekskill), Konpayi Brasri Middle Ages (Syracuse), Konpayi Brasri Captain Lawrence (Elmsford), Konpayi Brasri Naked Dove (Canandaigua), ak Greenport Harbor Brewing Co. (Greenport).

Komisyonè Agrikilti pa entèrim Richard A. Ball te deklare, “Taste NY ap ouvè nouvo mache pou pwodiktè manje ak bwasaon nan eta, ak Festival Craft New York Beer se tou senpleman dènye egzanp lan Sa a pral yon gwo aktivite mwa pwochen e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou achte tikè yo jodia.”

Paul Leone, Direktè Egzektif nan Asosyasyon Brasri Eta New York, te deklare, “Avèk aktivite sa a nan Albany mwa pwochen, Asosyasyon Brasri Eta New York planifye pou l monte nivo a lè li kesyon de festival byè a. Taste NY pral yon patnè apwopriye nan aktivite sa a kòm aparye gwo festival byè nan New York avèk kèk nan pibon manje nan Kapital rejyon an.”

Inisyativ “Taste NY” Gouvènè Cuomo a chita sou pwomosyon imaj ak espansyon endistri manje ak bwason New York la grasa gwo varyete manje ak bwason ki fèt ak grandi nan eta a kap fasil pou jwenn epi rekonesab pou Nouyòkè ak pou sektè otèl ak piblik la nan tout nasyon an. Yon pati nan efò Gouvènè Cuomo yo se pou ankouraje biznis agrikòl yo atravè eta a, “Taste NY” ap vann atravè yon seri aktivite pwomosyon tankou tant “Taste NY” nan evènman enpòtan, magazen “Taste NY” nan sant transpò ak yon sit entènèt yo kreye pou sa, www.taste.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418